



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A BAY 11,865 TIKÈ PANDAN KANPAY APLIKASYON LWA STOP DWI NAN WIKENN SUPER BOWL LA

Manm Patwouy Eta yo te arete 183 moun pou DWI pandan wikenn Super Bowl la

Jodi a Lapolis nan Eta New York anonse ke Manm Patwouy yo te bay plis pase 11,800 tikè pandan STOP DWI a ki se yon peryòd ranfòsman espesyal pandan Wikenn Super Bowl la. Pandan kanpay la ki kòmanse vandredi 10 fevriye 2023 epi ki rive lendi 13 fevriye 2023, manm patwouy yo te arete 183 moun pou DWI epi yo te ankete sou 490 aksidan, ki te lakòz 73 moun blese ak kat moun mouri.

"Mwen remèsye Lapolis Eta a ak fòs lòd lokal yo pou efò dilijan yo pou retire chofè danjere yo sou wout yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Move desizyon chofè k ap kondui tou sou, ak kapasite afebli pran yo mete tout moun sou wout la an danje. Aplikasyon lwa tankou sa yo voye mesaj ke nou p ap tolere konpòtman sa a sou wout nou yo."

Lapolis Eta te ogmante patwouy yo epi yo te mete pwen kontwòl pou moun ki sou yo pou dekouraje, idantifye epi arete chofè ki pa an eta yo. Se Komite Sekirite Transpò Piblik Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a ki te finanse inisyativ la e se ajans fòs lòd lokal atravè eta yo tou ki te reyalize l. Pandan inisyativ aplikasyon lwa Super Bowl ane pase a, Lapolis Eta te bay 10,975 tikè, arete 189 moun pou DWI, epi envestige 688 aksidan ki te lakòz 87 moun blese ak kat moun mouri.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Mwen aplodi Manm Patwouy nou yo ak patnè aplikasyon lalwa lokal nou yo pou travay yo fè chak jou pou kenbe wout nou yo an sekirite. Sepandan, rezilta aplikasyon lalwa ane sa a yo montre ke twòp moun toujou ap pran movèz desizyon, epi yo al kondwi pandan ke yo sou oswa pa an eta. Nou pa pral tolere konpòtman sa, epi Manm Patwouy nou yo pral rete vijilan pou retire moun ensousyan sa yo sou otowout nou yo."

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) a nan Eta New York la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee) a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou fè konnen ke kondui ak kapasite afebli konplètman evitab. Tout sa li

mande se fè chwa pou gen yon plan pou responsab epi asire ke tout moun ka selebre epi pou yo toujou rive lakay yo an sekirite."

Nan kad aplikasyon lwa a, Twoup yo te sible chofè k ap fè eksè vitès ak chofè agresif yo atravè Eta a, epi yo te bay yon total 11,865 kontravansyon pou divès enfraksyon machin ak sikilasyon. Anba a gen yon echantiyon kontravansyon yo te bay yo:

- Eksè Vitès 4,119
- Kondi Distrè 267
- Vyolasyon senti sekirite: 356
- Vyolasyon Lwa Mete ou Akote a: 86

Yo divize rezilta kanpay la selon Twoup la:

Twoup	Rejyon	Arestasyon pou DWI (Kantite moun)	Vitès	Distrè etan yo t ap Kondui	Restriksyon pou Timoun/Senti Sekirite	Mete w Akote	Total Kontravansyon (li enkli lòt vyolasyon)
A	Western NY	16	407	12	38	2	1,272
B	North Country	4	149	19	14	4	645
C	Southern Tier	9	372	10	19	10	974
D	Central NY	12	309	29	23	6	1,024
E	Finger Lakes	20	344	38	79	2	1,389
F	Upper Hudson Valley	31	374	22	44	6	1,081
G	Capital Region	16	334	15	19	4	930
K	Lower Hudson Valley	33	625	27	25	24	1,308
L	Long Island	23	274	30	32	5	813
NYC	New York City	3	68	13	18	1	581

T	NYS Thruway	16	863	52	45	22	1,848
---	----------------	----	-----	----	----	----	-------

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418